

# Makonnen avèk Sovè a Pa Mwayen Alyans ak Òdonans



## PLAN FÒMASYON POU KONSEY REJYON, KOWÒDINASYON, MISYON, PIEU, PAWAS, AK BRANCH

Pandan enstriksyon sa a, ou pral wè epi w pral tandé eksperyans pitit Pè Selès la yo nan divès etap nan devlopman espirityèl yo sou chemen pou yo vin makonnen avèk Sovè a pa mwayen alyans ak òdonans. Kounyeya ou pral tandé kijan renmen, pataje, ak envite te ede yo pwogrese sou chemen alyans lan avèk jwa. Ou ka rekonèt kijan pataje levanjil la, travay tanp ak istwa familyal, ak pran swen moun ki nan bezwen yo jwe yon wòl. Men sitou, ou ka remake kijan tout bagay sa yo "rasanble ansanm pou fè youn ... nan Kris la" (Efeyen 1:10).

### PREMYE ETAP NAN LAVI A: TIMOUN

Gade video avèk Prezidant Joy D. Jones ak timoun yo, epi apre sa diskite sa w pral fè pou ede timoun yo makonnen tèt yo avèk Sovè a sou chemen alyans lan.

- Kisa Lespri a te anseye nou pandan nou t ap gade video sa a?
- Kijan prensip lanmou, pataj, ak envitasyon yo ede timoun yo lè y ap fè efò pou yo pataje levanjil la?
- Kijan sèvis ede timoun yo rete sou chemen alyans lan aprè batèm?



### DEZYÈM ETAP NAN LAVI A: JÈN

Gade video avèk Prezidant Bonnie H. Cordon ak Prezidan Stephen J. Lund ak jèn yo, epi apre sa diskite sa w pral fè pou ede jèn yo makonnen tèt yo avèk Sovè a sou chemen alyans lan.

- Kijan nou ka ede jèn yo respekte alyans batèm yo ak prepare yo pou pwochen etap la sou chemen alyans lan?
- Kijan prensip lanmou, pataj, ak envitasyon ede jèn yo patisipe nan travay tanp ak istwa familyal?
- Kijan nou ka ede jèn yo gen espwa ak santiman apatenans pandan yo vin makonnen avèk Sovè a?

### TWAZYÈM ETAP NAN LAVI A: JÈN ADILT

Gade video avèk Prezidan Mark L. Pace ak jèn adilt yo, epi diskite sa w pral fè pou ede jèn adilt yo makonnen tèt yo avèk Sovè a sou chemen alyans lan.

- Kisa nou aprann nan renmen, pataje, ak envite ke lòt moun ofri nou?
- Kijan nou ka ede jèn adilt yo gen espwa ak santiman apatenans pandan y ap ogmante otonomi yo ak sèvi lòt moun? Kijan nou ka ede yo konnen ke nou bezwen yo nan Legliz Senyè a?
- Ki wòl aktivite Legliz siyifikatif ak dirijan byenveyan jwe nan makonnen jèn adilt avèk Sovè a?

### KATRIYÈM ETAP NAN LAVI A: ADILT

Gade video avèk Prezidan Jean B. Bingham ak adilt yo, epi apre sa diskite sa w pral fè pou ede adilt yo makonnen tèt yo ak Sovè a sou chemen alyans lan.

- Kijan alyans nou yo pote gerizon epi ede nou rete sou chemen an—menm nan moman difisil yo?
- Ki fason nou te jwenn pou nou ede manm yo makonnen tèt yo ak lòt moun avèk Sovè a pa mwayen alyans ak òdonans?
- Kijan devlope otonomi espirityèl ede nou renmen, pataje, ak envite?

RESOUS POU KONSÈY REJYON, KOWÒDINASYON, MISYON, PIEU, PAWAS, AK BRANCH

## Pou Timoun yo ak Jèn yo

### APÈSI POU TIMOUN YO AK JÈN YO

Pwogram Timoun ak Jèn nan prepare pou fòtifye lafwa jenerasyon ki ap grandi a nan Jezikri ak pou ede timoun yo, jèn yo, ak fanmi yo pwogrese sou chemen alyans lan pandan y ap rankontre pwoblèm lavi yo. Li ede timoun yo ak jèn yo nan efò yo pou yo patisipe nan rasanbleman Izrayèl la ak travay sali ak ekzaltasyon an nan lavi chak jou yo. Li sentre sou fwaye a e Legliz la sipòte l.



### ESPWA POU JENERASYON K AP GRANDI A

Pwogram Timoun ak Jèn nan ede jenerasyon k ap grandi a pwogrese nan plizyè fason, enkli atravè revelasyon, libabit, ak relasyon. Moun aprann resevwa ak aji sou revelasyon pèsònèl lè yo ekzèse libabit yo epi yo chwazi opòtinite pou yo pwogrese pou tèt pa yo. Sa rive tou lè jèn yo aprann dirije nan prezidans kowòm yo ak klas yo. Yo bati relasyon avèk fanmi yo, dirijan yo, ak lòt moun ki gen menm laj avèk yo pandan y ap travay ak sèvi ansanm epi vin konnen ke yo fè pati travay Senyè a e gen bezwen pou yo nan travay sa a.

### KI KOTE NOU TA DWE KÒMANSE JODI A?

Nou envite timoun, jèn, ak paran yo ak dirijan yo pou yo angaje yo oubyen re-angaje yo pou yo vin pi sanble avèk Sovè a nan patisipe nan travay Li a. Efò sa yo pa bezwen difisil! Men kèk kote ki senp nou ka kòmanse:

#### Paran

- Rasanel fanmi w pou etid levanjil. Resous Vini, Suiv Mwen yo ka ede. Ou ta ka konsidere gen diskisyon konsènan sijè tankou alyans, revelasyon, libabit, ak benediksyon patriyakal.
- Planifye yon aktivite fanmi. Kijan ou ta ka sèvi you moun nan vwazinaj oubyen kominate w la san danje? Kote sa disponib, JustServe [Annik Sèvi] ka ede w jwenn ide.
- Reynini avèk chak ptit gason ak ptit fi youn pa youn. Diskite enterè yo epi pale de kijan yo vle grandi. Ede epi sipòte yo nan developman pèsònèl yo. Pale de ki bi yo te fikse oubyen sou ki bi yo vle travay.

#### Dirijan Primè

- Konnen sikorans lakay timoun yo, epi chèche revelasyon pou ede yo chak.
- Kòmanse fè reyinyon Dimanch ak aktivite Primè an pèsòn oubyen vityèlman (lè sa san danje epi yo otorize ).
- Pa bay tèt ou pwoblèm pou w konekte objektif endividyle yo avèk aktivite yo! Sa ki enpòtan pou ou se konekte avèk epi beni timoun yo ak fanmi yo—sitou lè yo bezwen oubyen mande èd.

## Dirijan adilt jèn yo

- Kòmanse fè reyinyon Dimanch ak aktivite kowòm ak klas an pèsòn oubyen vityèlman (lè sa san danje epi yo otorize l). Ankouraje jèn yo pou yo memorize epi kòmanse reyinyon yo avèk nouvo tèm Jènfi yo ak kowòm Prètriz Aawon an.
- Aple, mete apa, epi bay prezidans kowòm ak prezidans klas yo otorite. Ede yo fè reyinyon prezidans regilyèman epi planifye ak dirije reyinyon ak aktivite Dimanch yo. Fè konsèy jèn pawas la, epi ankouraje patisipasyon nan reyinyon kowòdinasyon misyonè, tanp, ak istwa familyal. Ankadre epi sipòte prezidans yo jan sa nesesè san ou pa fè travay la pou yo. Ede prezidans yo aprann konpetans dirijan pandan y ap itilize **resous kowòm ak prezidans klas yo**.
- Planifye epi fè kan jenès ak konferans jenès an 2021, pandan w ap suiv direktiv sekirite yo.
- Pa enkyete w pou sa ki konsène konekte objektif endividyl yo avèk aktivite yo! Mete enèji w nan konekte jèn yo antre yo. Ou ta ka ede prezidans kowòm yo ak prezidans klas yo tou pou yo konekte aktivite yo avèk bezwen jèn yo.

POU PLIS ENFÒMASYON, GADE NAN [CHILDRENANDYOUTH.CHURCHOJESUSCHRIST.ORG](http://CHILDRENANDYOUTH.CHURCHOJESUSCHRIST.ORG).

## Pou Adilt

### KOTE JÈN ADILT SÈL YO RASANBLE

Premye Prezidans lan te bay apwobasyon pou rejyon yo etabli kote pou jèn adilt yo rasanble baze sou bezwen rejyon yo. Yon kote pou rasanble se yon lokasyon yo deziyen nan yon fasilité ki egziste deja (tankou yon chapèl oubyen bilding enstiti) kote jèn adilt sèl yo ak zanmi yo ka rasanble pou yo patisipe nan kèk oubyen tout bagay sa yo (selon bezwen ak resous lokal yo):

- Edikasyon Relijye ak aprantisaj levanjil (enkli enstiti)
- Sèvis ak Aktivite Sosyal
- Aktivite Tanp ak istwa familyal
- Opòtinite pou otomomi ak edikasyon
- Aktivite misyonè ak kontak kominate
- Lòt Pwogram Legliz la.



Prezidans Rejyon an dwe apwouve tout kote ki ap gen rasanbleman yo e yo dwe sipèvize pa prezidan pieu yo ak evèk yo.

### APÈL POU JÈN ADILT AK ADILT SÈL

Chanjman ki fenk fèt nan règleman yo ak klarifikasyon yo rezoud pwoblèm posiblite enkonpreyansyon ak fo tradisyon konsènan limit sou opòtinite pou manm sèl yo sèvi nan Legliz Senyè a. Chanjman règleman ak klarifikasyon sa yo, ke Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo apwouve epi enkli nan *Manyèl Jeneral* la, eksplike ke jèn adilt sèl yo ak adilt sèl yo ka jwenn benediksyon e yo ka beni lòt moun nan anpil apèl, sa enkli dirijan pieu ak pawas. Menm règleman sa yo an vigè nan tout inite Legliz la, enkli inite jèn adilt sèl ak adilt sèl yo. Restriksyon ki te genyen kont jèn adilt sèl ak adilt sèl ki ap sèvi nan prezidans pieu, episkopa, ak prezidans Sosyete Sekou Pieu nan inite jèn adilt ak adilt sèl yo pa la ankò.

Manm ki sèl yo ka sèvi nan pozisyon dirijan tankou prezidans òganizasyon pawas ak pieu, prezidans kowòm ansyen, konseye nan episkopa, manm gran konsèy, ak konseye nan prezidans pieu.

# Pandan ke nou bezwen epi nou akeyi tout moun—Renmen, Pataje, e Envite

Lè manm yo gen difikilte pou yo santi yon santiman apatenans, pafwa pa aksidan, dirijan ak lòt manm di bagay ki ranfòse kwayans manm sa yo ke yo pa gen plas yo oubyen nou pa bezwen yo.

Sonje verite sa yo konsènan renmen, pataje, ak envite ka ede nou akeyi tout moun nan aktivite, fratènité, ak apatenans nan Legliz Jezikri a:

- Chak moun se yon pitit byenneme Bondye avèk yon nati ak yon destine diven. Anplis de benediksyon etènèl Li pwomèt moun ki fidèl yo, Li vle beni pitit Li yo kounyeya, pandan vi sa a.
- Nou bezwen chak Pitit Bondye nan travay bati wayòm Li an.
- Pou ede yon moun santi l entegre epi nou bezwen l, kòmanse avèk lanmou. Koute pou konprann eksperryans li. Pa sipoze ke w déjà konnen oubyen konprann.
- Nou pa gen repons pou tout kesyon noumenm oubyen lòt moun ap fè fas nan lavi sa a. Pa ekzanp, nou pa konnen rezon ki fè yon moun kapab ap fè fas avèk yon difikilte patikilye.
- Rete ouvè epi pa jije moun. Akeyi chak moun, kèlkeswa kote moun sa a ye nan vwayaj li. Ofri pou ede epi konsantre sou verite ki di ke nou bezwen chak moun nan Legliz la.
- Si, san w pa rann ou kont, ou di yon bagay ki koze lapèn, pa defann tèt ou; prezante eskiz ou epi apre sa chèche padon ak amelyorasyon.



POU PLIS ENFÒMASYON KONSÈNAN JAN W KA EDE MANM KI NAN SIKONSTANS ESPESIFIK, GADE NAN [COUNSELINGRESOURCES.CHURCHOFJESUSCHRIST.ORG](https://COUNSELINGRESOURCES.CHURCHOFJESUSCHRIST.ORG).

## SA ITIL POU W DI

- **Byenveni! Nou bezwen w e nou renmen w. Mèsi poutèt ou la a.**
- **Pale m de eksperryans ou. Kisa w ta renmen m konprann?**
- **Nou swete w byenveni e nou bezwen w kèlkeswa kote w ye nan vwayaj ou a. Kijan nou ka ede? Kijan w ka ede nou?**
- **Bondye vle w gen lajwa kounyeya. Levanjil li a pote espwa ak bonè pou chak pitit Li.**

